



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIBVANSYON POU ENFRASTRIKTI ESANSYÈL POU SIPÒTE ÒGANIZASYON VETERAN YO NAN TOUT ETA A

Twazyèm faz prim Pwogram Kapital pou Òganizasyon san bi Likratif Vteran yo, avèk yon investisman 1 milyon dola nan men Eta a pou finanse amelyorasyon enfrastrikti enpòtan yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 1 milyon dola sibvansyon pou 16 òganizasyon veteran atravè Eta Nouyòk atravè twazyèm faz Pwogram Kapital pou Òganizasyon San Bi Likratif pou Veteran yo. Sibvansyon sa yo pral sipòte amelyorasyon kapital nan enstalasyon ki sèvi veteran eta a, manm sèvis yo ak fanmi yo.

"Veteran nou yo, ki te sèvi avèk kouraj pou pwoteje peyi nou an, bezwen e merite pou yo gen aksè ak bon kalite enstalasyon ki an sekirite pou yo reyini ak fanmi yo ak pwòch yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa a pa pral sèlman pèmèt amelyorasyon enfrastrikti kritik, men li pral pèmèt tou veteran yo reyini ansanm epi ranfòse lyen ak kominote yo ak fanmi yo."

Sibvansyon yo, ke Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ap administre an patenarya ak Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans Services, DVS), bay ranbousman pou pwojè amelyorasyon kapital ki varye ant 25,000 dola ak 75,000 dola. Òganizasyon veteran yo pral itilize finansman an pou amelyorasyon enfrastrikti enpòtan tankou nouvo twati, sistèm HVAC, amelyorasyon elektrik, modifikasyon ki konfòm ak ADA ak renovasyon nan kwizin ak zòn komen yo.

Benefisyè yo sitiye nan sis rejyon: Rejyon Kapital la (4), Nouyòk Santral (1), Finger Lakes (4), Long Island (2), Mid-Hudson (1) ak Lwès Nouyòk (4). Pwojè yo gen ladan yo ranplasman twati, rekonstriksyon pakin, enstalasyon jeneratris ak amelyorasyon aksè ak etablisman yo. [Gen yon lis sibvansyon ki isit la.](#)

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta Nouyòk la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "DASNY fyè pou l administre pwogram sa a ansanm ak patnè nou yo nan Depatman Sèvis Veteran yo, pou l respekte angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou sipòte veteran yo. Amelyorasyon kapital sa yo pral ede asire ke veteran yo

gen aksè ak enstalasyon modèn ak an sekirite kote yo ka rasanble, resevwa sèvis, epi kenbe koneksyon enpòtan ki fòje atravè sèvis yo nan nasyon nou an."

Jonathan Fishbein, Avoka Jeneral Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services) Eta Nouyòk la, te deklare, "Twazyèm faz Pwogram Kapital pou Òganizasyon San Bi Likratif pou Veteran yo te youn nan sa ki pi solid jiska prezan, ni nan kalite aplikasyon nou te resevwa yo ni nan seri sèvis nou sipòte atravè eta a. Sibvansyon sa yo ap fè yon vrè diferans sou teren an. DVS rete pwofondman angaje pou asire ke Veteran, Manm Sèvis yo, ak Fanmi Militè nan tout kwen nan Nouyòk gen aksè ak rezo sipò solid, ki estab, e k ap grandi. Gouvènè Hochul kontinye bay sipò ki nesèsè anpil pou tout moun ki te sèvi yo."

Pwogram Kapital pou Òganizasyon San Bi Likratif Veteran yo bay finansman pou achitekti, konsepsyon, enjeniri, konstriksyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon oswa ekspansyon yon etablisman ki kalifye; ak acha mèb oswa ekipman ki elijib. Depi kreyasyon li, pwogram nan te bay 4.6 milyon dola bay òganizasyon veteran yo nan tout eta a.

Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la

Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la sèvi veteran Nouyòk, militè ak fanmi militè yo ak fyète, sa ki konekte yo ak benefis, sèvis ak sipò. Tout moun ki te sèvi yo ta dwe kontakte Depatman an nan 888-838-7697 oswa sou sit entènèt li a – veterans.ny.gov – pou rankontre an pèsòn oswa vityèl ak yon Konseye Benefis Veteran ki akredite pou resevwa benefis yo te genyen yo. Swiv DVS soun Facebook, Instagram, X ak LinkedIn.

Enfòmasyon sou DASNY

Fonde an 1944, DASNY se otorite devlopman pwojè kapital Eta Nouyòk la. Li finanse e konstwi enstitisyon pou lasyans, lasante ak edikasyon, ki dirab ak rezistan, e ki ede Nouyòk pwospere. Li se youn nan pi gwo antrepiz ki ap bay kontra ki egzante pou enpo yo nan nasyon an ak yon kontra pòtfèy eksepsyonèl anviwon 60.1 milya dola jiska dat 31 mas 2025. DASNY se yon konstriktè piblik popilè tou avèk yon rezèv konstriksyon apeprè 1,000 pwojè ki gen yon valè plis pase 13 milya apati 31 mas 2025. Pou aprann plis sou DASNY, vizite www.dasny.org.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)